

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa téh mahluk sosial anu teu bisa hirup sorangan, ku sabab kitu manusa sok hirup dina hiji kelompok anu disebut kelompok masarakat. Dina ieu kelompok anggotana bakal silih bantuan pikeun nyumponan kabutuh hirupna, satuluyna tina ieu prosés bakal lumangsung interaksi-interaksi sosial antar masarakat anu teu bisa leupas tina aspék-aspék sosial.

Aspék sosial téh mangrupa hal-hal anu pakait jeung sistem kahirupan masarakat. Soejono Soekanto (2014, kc 78) ngabagi aspék sosial jadi lima bagian, nyaéta aspék sosial agama, aspék sosial atikan, aspék sosial ékonomi, aspék sosial politik, jeung aspék sosial moral.

Aspék sosial sok dijadikeun bahan carita ku pangarang. Pangarang téh mangrupa bagian tina kelompok masarakat, sarta karya sastra téh mangrupa eunteung tina kahirupan masarakat. Dina nulis karya sastra, pangarang tangtu kapangaruhan ku lingkungan sabudeureunana, boh lingkungan alam boh sosial masarakatna. Ku sabab kitu, carita anu ditulis ku hiji pangarang pasti béda jeung pangarang séjénna sanajan nyaritakeun téma anu sarua.

Karya sastra téh sok disebut alat komunikasi sacara teu langsung antara pangarang jeung pamacana. Nalika nulis hiji karya sastra, pangarang miboga tujuan atawa amanat anu hayang ditepikeun ngaliwatan tulisanna. Ku sabab kitu, teu saeutik pangarang anu ngangkat téma ngeunaan sosial kamasarakatan, tujuanna nyaéta pikeun ngahudang kasadaran manusa dina ngalakonan kahirupan sapopoéna. Dina ieu hal, karya sastra dipaké salaku eunteung tina hiji réalita sosial sangkan pamaca bisa ngabédakeun nu bener jeung salah.

Dina ieu panalungtikan baris dibahas ngeunaan aspék sosial anu aya dina karya sastra wangun carita pondok. Nurutkeun Isnendes (2010, kc 22) carpon téh mangrupa salah sahiji karya sastra anu kawilang anyar, carpon ogé mangrupa hiji karangan fiksi atawa hasil rékaan anu miboga alur carina rélatif singget. Loba carpon anu nyaritakeun kahirupan sapopoé masarakat, salah sahijina nyaéta buku kumpulan carpon *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13.

Buku kumpulan carpon *Keretas Bodas* téh mangrupa salah sahiji karya ti Panglawungan 13 anu dipanganteuran ku Aam Amilia. Panglawungan 13 téh mangrupa kelas diajar ngarang anu anggotana miboga kasang tukang profési anu béda-béda, ti mimiti ibu rumah tangga, guru, dosén, sastrawan, jeung sajabana.

Buku kumpulan carpon *Keretas Bodas* kawangun ku 21 judul carpon anu ditulis ku 21 pangarang. Pangarang-pangarangna dibagi kana tilu angkatan dumasar waktu gabungna ka Panglawungan 13. Karya angkatan kahiji dina ieu buku téh aya salapan carpon, nyaéta “Nu Moal Kapopohokeun” karya Ati Amiati, “Lir Langit nu Caang Lénglang” karya Téty S. Nataprawira, “Impian nu Tinekenan” karya Ida Haka, “Malibir Wanci” karya Émha Ubaidillah, “Basa Peuting Beuki Simpé” karya Écép Yuli Sukmara, “Panonpoé Tunggang Gunung” karya Nyi Roro, “Arisan” karya Tuti Rohimah, “Hutang” karya Hikmat Nugraha, anu pamungkas ti angkatan kahiji aya carpon “Kuéh keur Kila” karya Barkatunnisa. Anu satuluyna karya angkatan kadua aya lima carpon, nyaéta “Réma nu Parigel” karya Yooke Tjuparmah S. Komarudin, “Beurang téh Angger Bayeungyang” karya Dian Wulan, “Béntang Saukur Ngiceupan” karya Ajat Sudrajat, “Katumbiri Pasosoré” karya Iwan M. Ridwan, sarta “Di Leuwi aya Karaman” karya Sofyan Limbangan. Pamungkas carpon karya angkatan katilu anu kawangun ku tujuh carpon, nyaéta “Satukangeun Bénténg Sakola” karya Évi Sulastri, “Gang Dua Rébu” karya Yadi Karyadipura, “Kingkilaban” karya Ravy Rasmita, “Angin Ngahéab ngan Sakolépat” karya Tuti Héryati, “Nu Tas Nyawang Kaasih” karya Dédéh Soeciati, sarta “Kalangkang Mangsa ka Tukang” karya Éryandi.

Lamun ditilik deui, tina sawatara ngaran pangarang di luhur aya pangarang anu geus kasohor, nyaéta Tety S Nataprawira, Ati Amiati, jeung Yooke Tjuparmah. Tety S Nataprawira téh salah sahiji pangarang Sunda anu mimiti nulis ti taun 1970. Mimiti diajar nulis dina basa Sunda téh dibimbing ku Aam Amilia, nyaéta ti taun 1970-1975an. Anjeunna ngampleng teu nulis salila tilu puluh taunan, katungkulkeun ku nguruskeun pagawéan jeung kulawarga. Kakara tulas-tulis deui taun 2000-an, kitu ogé kalan-kalan. Taun 2013 Tety S Nataprawira gabung di Panglawungan 13 pikeun diajar deui nulis carpon Sunda, hasilna dina taun 2017 geus bisa nerbitkeun buku kumpulan carpon anu judulna *Basa Cangra di Florida*. Anu satuluyna aya Ati Amiati. Ati Amiati Sadeli téh mangrupa salah sahiji pangarang Sunda anu geus kawéntar, anjeunna loba nulis artikel anu dimuat dina rubrik “Muara Cahya” majalah Sunda *Manglé*. Minangka hasil tina kursus nulis biografi di *Manglé* Anjeunna geus medalkeun hiji buku dina basa Indonesia anu judulna *Memoir Bunda Seorang Aktifis*.

Kiwari Anjeunna masih aktif nulis dina basa Sunda, utamana minangka anggota Panglawungan 13. Salian ti Tety S Nataprawita jeung Ati Amiati, aya ogé Yooke Tjuparmah, Anjeunna gabung ka panglawungan 13 téh dina taun 2014. Ti taun 1968-1996 geus ngahasilkeun leuwih ti lima puluh carpon Sunda jeung Indonesia, tur dina wangun éséy jeung puisi. Karya-karya anjeunna loba dimuat dina média saperti *Manglé*, *Gondéwa*, *Giwangkara*, *Galura*, *Pikiran Rakyat*, jeung réa deui.

Dina ieu panalungtikan, baris dianalisis aspék sosial anu aya dina kumpulan carpon *Keretas Bodas*. Alesan panalungtik nyokot buku kumpulan carpon *Keretas Bodas* jadi objek panalungtikan téh lantaran carpon-carpon anu aya dina ieu buku téh ditulis ku pangarang anu kasang tukangna béda-béda, jadi aspék sosial anu bakal kapanggih tangtu leuwih pariatif. Salian ti éta, ieu buku masih kawilang anyar, jadi can aya anu nalungtik. Ku sabab kitu, panalungtik nyokot judul “Kumpulan Carpon *Keretas Bodas* Karya Panglawungan 13 (Ulikan Struktural jeung Aspék Sosial)” dina ngaguar eusi carpon salaku data, baris digunakeun pamarekan struktural Robert Stanton, nyaéta ngawengku fakta carita, téma, jeung sarana sastra, ogé teori aspék sosial Soejono Soekanto nu ngabagi aspék sosial jadi lima ngawengku aspék sosial agama, aspék sosial ékonomi, aspék sosial politik, aspék sosial atikan jeung aspék sosial moral.

Panalungtikan ngeunaan aspék sosial dina carpon téh masih kénéh jarang, béda jeung panalungtikan ngeunaan aspék sosial dina cerpen basa Indonesia anu geus réa. Ku sabab kitu, dipiharep ieu panalungtikan bisa nambahan deui bahasan ngeunaan struktural sarta aspék sosial dina karya sastra Sunda, hususna dina carita pondok.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana identifikasi masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita pondok anu aya dina kumpulan carpon *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13?
- 2) Aspék sosial naon waé anu aya dina kumpulan carpon *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun nganalisis struktur carpon, ogé néangan aspék sosial naon waé anu aya dina kumpulan carpon *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Struktur carita pondok anu aya dina kumpulan carpon *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13.
- 2) Aspék sosial anu aya dina kumpulan carpon *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan dibagi jadi mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis. Mangpaat ieu panalungtikan bisa ditingali ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Tina ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa ngahasilkeun hiji karya tulis ilmiah anu bisa nambahan kabeungharan panalungtikan sastra hususna dina ulikan struktural carpon. Ieu panalungtikan ogé bisa jadi bukti yén ngaliwatan ulikan struktural téh urang bisa maluruh aspék sosial anu aya dina karya sastra.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- 1) Keur panalungtik dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan struktur carpon sarta bisa mikanyaho aya aspék sosial naon waé dina kumpulan carpon *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13.
- 2) Keur masarakat, dipiharep ayana ieu panalungtikan téh bisa nambahan pangaweruh ngeunaan aspék-aspék sosial anu aya di masarakat hususna aspék sosial anu diangkat dina kumpulan carpon *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13.
- 3) Keur panalungtikan satuluyna, dipiharep tina ayana ieu panalungtikan téh bisa nambahan data pikeun panalungtikan-panalungtikan anu baris diayakeun ka hareupna, hususna anu pakait jeung aspék sosial masarakat.

1.5 Struktur Organisasi Skripsi

Ieu skripsi diwincik kana lima bab, nyaéta ieu di handap.

BAB 1 BUBUKA

Dina bab hiji dipedar kasang tukang diayakeunna panalungtikan, rumusan masalah anu baris ditalungtik, tujuan diayakeunna panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga nyusun laporan panalungtikan.

BAB II ULIKAN TÉORI

Dina bab dua dipedar téori-Tiorianu pakait jeung objek anu baris ditalungtik, nyaéta ngeunaan carpon, tiori struktural jeung aspék sosial.

BAB III METODOLOGI PANALUNGTIKAN

Dina bab tilu dipedar métode anu dipaké dina ieu panalungtikan, cara ngumpulkeun data, ngolah data, desain panalungtikan, sumber data panalungtikan sarta instrumén anu dipaké.

BAB IV ANALISIS JEUNG PEMBAHASAN

Dina bab opat dipedar jeung dianalisi data-data panalungtikan ngaliwatan instrumén anu geus ditangtukeun, sarta museur dina ngajawab rumusan masalah.

BAB V PANUTUP

Dina bab lima dicindekkeun hasil tina pedaran anu aya di bab opat, hasil akhir panalungtikan, sarta méré rékoméndasi dumasar kana hasil anu kapanggih.